

Jwenn tout Avantaj Nèt nan Pwoteksyon ou an

Koulye an ou fin enskri nan asirans sante, sèvi ak gid sa a pou aprann kijan pou kòmanse sèvi ak benefis ou yo.



JWENN TOUT AVANTAJ NÈT NAN PWOTEKSYON OU AN

Tcheke kourye lapòs ou a.

Depi ou fin enskri nan yon plan asirans sante, tcheke kourye lapòs ou pou wèsi w te resevwa dokiman enpòtan nan men konpayi asirans ou an. W ap bezwen yo pou w ka kòmanse sèvi ak pwoteksyon ou an.

- Gade si w pa wè pake byenvni pou moun ki fèk
enskri oswa premye bòdwo w.**

Echantyon Kat Asirans.

KONPAYI ASIRANS NON LI

KI KALITE PWOTEKSYON

NON MANM LAN: JOHN DOE
NIMEWO MANM: XXX-XXX-XXXX

DAT KÒMANSMAN PWOTEKSYON
AN: JJ/MM/AAAA

GWOUP #: XXXX-XXXXXX

GWOUP PRESKRIPSYON
NIMEWO: XXXX

PCP KO-PEMAN: \$15
ESPESYALIS KO-PEMAN: \$35
SAL IJANS: \$75

PRESKRIPSYON KO-PEMAN:
JENERIK: \$10
MAK KOMÈSYAL: \$25

SÈVIS MANM: 1-800-XXX-XXXX

KONSÈY

Si ou pa konnen nimewo telefòn konpayi asirans ou an, rele HealthCare.gov nan 1-800-318-2596. Si Eta rezidans ou pa sèvi ak sitwèb HealthCare.gov la, moun ki reponn telefòn lan pral ba w nimewo a pou w ka rele sitwèb Eta w lan.



KISA “PRIM” VLE DI? Montan lajan ou peye pou yon plan asirans sante. Ou gendwa peye prim la chak mwa, chak twa (3) mwa oswa chak lane. Anplwayè w, Pwogram Asistans ak Medikaman pou SIDA (ADAP) oswa yon lòt moun toujou gendwa peye tout oswa yon pati sèlman nan prim la.



Jwenn plis enfòmasyon konsènan plan w lan.

Konpayi asirans sante w pwobableman gen yon wèbsayt ki gen resous sou li pou ede w itilize nouvo plan ou an.

- Premyèman, kreye yon kont sou wèbsayt konpayi asirans sante w lan.** Nan pifò ka yo, wèbsayt sa a se pa menm ak wèbsayt kote ou te anrejistre nan plan sante w lan (tankou HealthCare.gov).
- Apresa, konekte w sou Entènèt pou eksploré resous yo sou wèbsayt la.** Itilize wèbsayt la pou jwenn yon doktè ki askepte plan w, aprann ki kalite sèvis plan sante w garanti epi jwenn aksè nan lòt enfòmasyon itil. Aprè ou kòmanse resevwa swen, ou kapab tounen sou wèbsayt la pou analize reklamasyon w yo epi gade enfòmasyon ki gen pou wè ak dediktib ou an, si ou gen youn.

KONSEY

Ekri enfòmasyon ou bezwen pou konekte w sou kont ou, ikonpri yon endis pou ede w sonje mòdpas ou an, pou wèbsayt asirè sante w, pou ou kapab sonje l pi devan.



KISA “REKLAMASYON” SIYIFI? Yon demann pou peman founisè swen sante w prezante bay asirè sante w lè ou resevwa sèvis oubyen atik ou kwè ki garanti.

Konnen sa w dwe peye.

Asirans sante a ede w peye pou yon seri sèvis sante ou bezwen, men li enpòtan pou w konnwn kisa plan ou garanti anvan ou bezwen al kay doktè. Itilize konsèy sa yo pou konnen estimasyon depans swen sante ou yo.

1. Mande founisè Ryan White ou kijan Pwogram Ryan White lan, ikonpri ADAP, gendwe ede peye pou sèten depans ki asosye ak asirans lan, tankou prim, ko-peman oswa medikaman kont VIH.
2. Rele konpayi asirans sante ou an si w gen kesyon konsènan yon bòdwo oswa si w panse asirans ou ta dwe garanti yon sèvis ou te resevwa.
3. Tounen gade lèt Esplikasyon Benefis yo pral voye ba w nan lapòs apre kèlkeswa vizit ou fè. Lèt la di w ki sèvis ou te resevwa pandan visit la ak konbyen lajan sa te koute otatal. SE PA YON BÒDWÖ LI YE. Si w dwe peye yon lajan, w ap resevwa yon bòdwo apa ki soti nan men doktè w.

Kontinye pran medikaman ou yo.

Li enpòtan pou w kontinye pran medikaman ou yo jan yo te preskri, espesyalman sa ki pou VIH.



KISA YON “KO-PEMAN” YE? Moun ki gen asirans sante dwe peye anjeneral pou yon pati nan sèvi swen sante yo. Se sa yo rele yon **ko-peman**, epi montan an gendwa make sou kat asirans ou an.



Konnen ki kote ou dwe ale pou ka jwenn swen.

Plan asirans ou pèmèt ou ale wè dives doktè selon kalite swen ou bezwen.

Founisè Swen Prensipal

Ou ta dwe ale wè founisè swen prensipal ou an lè ou sant w byen epi lè ou bezwen yon tchekòp nòmal oswa lè w santi w malad. Founisè swen prensipal ou gendwa menm moun ak founisè VIH ou an, ki ede w jere VIH la epi resevwa tès laboratwa yo ak renouvèlman preskripsyon yo.

Si founisè VIH ou an se pa founisè swen prensipal ou, eben li se yon **espésyalis** w ap wè sèlman lè ou bezwen swen ki gen pou wè ak VIH la.



Tout plan asirans yo dwe gen ladann menm sèvis prevansyon pou kenbe ou an sante, ou kapab jwenn gratis oswa pou yon pri ki redwi. Mande doktè w pou li ede w jwenn sèvis sa yo, tankou terapi-konsèy, vaksen ak tès deteksyon pou tansyon, depresyon, dyabèt, kansè nan kolon ak plis toujou.



KISA “NAN REZO” A VLE DI? Doktè, klinik, sant sante ak lopital ki bay sèvis plan asirans sante ou garanti.



KISA “AN DEYÒ REZO” A VLE DI? Doktè, klinik, sant sante ak lopitak ki bay sèvis ki gendwa koute plis lajan oubyen plan sante ou gendwa pa garanti ditou.

Si w pa t chwazi yon founisè swen prensipal,

al gade sitwèb asiraans ou oswa rele yo pou chwazi yon doktè nan lis doktè yo. W ap dwe konnen kalite plan asirans ou genyen pou jwenn doktè, klinik ak lopital ki aksepte plan ou an. Si w bezwen asistans, kontakte manadjè dosye Pwogram Ryan White ou an.

KONSEY

Gade kat asirans ou pou jwenn ki kalite plan ou genyen epi pou jwenn nimewo telefòn konpayi asirans ou an.



JWENN TOUT AVANTAJ NÈT NAN PWOTEKSYON OU AN
Konnen ki kote ou dwe ale pou jwenn swen

Apa doktè prensipal ou an, men kèk kote ou kapab toujou ale pou jwenn swen. Ko-peman yo gendwa varye selon plan ou oswa selon kalite sèvis ou resevwa pandan vizit la.

Kote ou dwe ale pou jwenn swen

Pri

Al wè yon **Founisè Swen Espesyalize / Espesyalis** lè ou gen sentòm oswa pwoblè sante espesifik founisè swen prensipal ou an pa swen. Ou gendwa konsidere founisè VIH ou an tankou yon espesyalis tou. Gen anpil lòt kalite espesyalis tou.

\$\$

Mwen chè

Anvan ou ale: Tcheke ak konpayi asirans ou an pou wè si w bezwen jwenn yon otorizasyon alavans anvan ou ka fè randevou ak espesyalis la.

Ale nan yon **Klinik Swen Ijans** lè ou gen yon maladi oswa yon blesi ki pa sitèlman grav ak lè doktè nòmal ou pa disponib. Se yon bon opsyon leswa ak nan wikenn.

\$\$\$

Ka enpe pi chè

Anvan ou ale: Rele konpayi asirans ou oswa ale gade sitwèb yo pou jwenn yon klinik swen ijans ki pran asirans ou an.

Ale nan **Sal Ijans (ER) / Depatman Ijans** lè ou malad anpil, ou gen blesi ki grav, nan yon sityasyon ki menase lavi w oswa ki w gen nenpòt ki lòt ijans medikal.

\$\$\$\$

Pi chè

Apre w te ale: Rele klinik doktè a pou enfòme l ou te ale nan sal ijans (ER) lan ak pouki rezon.



KISA YON “KO-PEMAN” YE? Moun ki gen asirans sante anjeneral oblige peye pou yon pati nan sèvis swen sante yo. Se sa ki rele yon ko-peman, epi montan an gendwa make souk at asirans ou an.

Anvan ou al kay doktè,
rele biwo li pou chèche konnen si li pran asirans ou. Si yo pa pran asirans ou, kontakte konpayi asirans ou pou jwenn yon doktè ki pral ba w swen plan an garanti.



Tire tout avantaj nan randevou a jan sa posib.

Itilize konsèy sa yo pou ka pare pou lè w ale kay doktè pwochen fwa a.

Anvan ou ale kay yon doktè pou premye fwa

Pote tout dosye medikal ou te genyen anvan an pou ede doktè w konprann istwa medikal ou ak bezwen nan swen sante ou genyen koulyen an. Epitou ou gendwa mande doktè ou te genyen anvan yo si yok a voye yo pou ou. Al gade seksyon ki rele "Anvan chak vizit" pou chèche konnen ki lòt dokiman ou ta dwe pote avèk ou nan premye vizit la.

Anvan chak vizit

Pote atik enpòtan sa yo avèk ou kay doktè:

- Kat asirans
- Kat idantiite ak foto
- Yon lis medikaman w ap pran
- Enfòmasyon konsènan kenepòt lòt founisè swen sante w ap wè depi dènye vizit ou an
- Enfòmasyon konsènan pwoblèm sante oswa sentòm ou kontinye genyen
- Yon lis tout kesyon ou ta renmen poze doktè w lan



Si w anreta pou randevou w lan,

rele klinik la epi enfòme yo de sa bonè jan sa posib. Pou evite peye yon chaj asirans lan p ap garanti, rele klinik la omwens 24èdtan alavans si w bezwen anile.



KONSÈY

Toujou rive 15 minit alavans pou ranpli dokiman yo.



Pandan chak randevou


Veye pou doktè w koprann tout preyokipasyon ou genyen epi pou li reponn tout kesyon ou yo. Mande doktè a pou li esplike w kisa ou dwe fè pou rete an sante ak pouki sa li enpòtan. Epitou mande doktè w pou li ekri sou yon fèy papye tout entriksyon w ap de swiv apre randevou a. Ou kapab Mennen yon fanmi oswa yon zanmi nan randevou an pou li ka ede w.

Apre chak randevou

- **Swiv tout enstriksyon** doktè w te ba w pandan randevou an. Ou gendwa bezwen renouvre yon preskripsyon, fè yon randevou, al wè yon espesyalis oswa fè yon tès.

Si w pa kontan ak doktè w, pale ak yon moun ki nan klinik la. Anpil fwa klinik yo gen fason pou ou bay opinyon ou si w panse yo te maltrete w; yo konn gen yon defansè pasyan yo. Oswa kontakte konpayi aspirans ou an pou yo ede w jwenn yon lòt doktè.





ACE TA Center ede founisè Pwogram VIH/SIDA Ryan White enskri divès kliyan nan asirans sante. Si w bezwen plis enfòmasyon, al gade nan:www.targethiv.org/ACE

Se JSI Research & Training Institute, Inc. ki te pare dokiman sa a epi Resous Sante ak Administrasyon Sèvis (Health Resources and Services Administration – HRSA) ki nan Depatman Sante ak Sèvis Imen (HHS) te bay asistans li selon Sibvansyon #UF2HA26520, Fasilite Swen ki San Rete: Ranfòse Kapasite Benefisyè Pwogram Ryan White pou Enskri Kliyan Elijah nan Pwogram Swen Sante ki Bon Mache (Supporting the Continuum of Care: Building Ryan White Program Grantee Capacity to Enroll Eligible Clients in Affordable Care Act Health Coverage Programs). Enfòmasyon oswa kontni ak konklizyon yo se otè an sèlman ki responsab yo epi yo pa dwe entèprete yo tankou pozisyon ofisyèl oswa politik HRSA, ni pèsòn pa ta dwe sipoze HRSA oswa Gouvènman Etazini dakò avèk yo.